

## Kriminalitas Sajrone Novel Kepanggang Wirang Anggitane Tiwiek SA.

Dwi Catur Ayu Paninggih

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[dwipaninggih@mhs.unesa.ac.id](mailto:dwipaninggih@mhs.unesa.ac.id)

**Prof. Darni, M.Hum.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### Abstrak

Panliten iki ditindakake kanthi tujuan, supaya bisa mangerten ikepriye ta isine kriminalitas sajrone Novel Kepanggang Wirang lan kepriye sesambungane kriminalitas sajrone Novel Kepanggang wiring karo kahanan ing bebrayan iki. Kamangka sejatine, sastra iku mujudake gambaran panguripan sing diripta lumantar medhia tulisan. Ana sesambungane kang raket antarane sastra lan panguripane masyarakat, amarga sastra nduweni fungsi social sastra yaiku crita sajrone karya sastra kajupuk saka panguripane masyarakat.

Saliyane iku ing panliten iki gunakake teorie Abdulisyani sajrone *Sosiologi didalam Perubahan Masyarakat*. ing kene Abdulisyani merang kriminalitas dadi papat yaiku kriminalitas fisik, kriminalitas, psikis, kriminalitas, ekonomi, lan kriminalitas seksual.

Metode sing digunakake sajrone panliten iki yaiku, sajrone sumber dhata sing digunakake sajrone panliten iki dibedakake dadi loro , yaiku dhata primer lan dhata sekunder . Sumber dhata primer yaiku Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA. Dene sumber dhata sekunder yaiku arupa buku, artikel-artikel, internet, lan liya liyane. Dene dhata sing digunakake uga kaperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku arupa dialog antarane paraga, tembung, ukara, paragrap, lan liya-liyane ing gegayutan karo underane panliten. Dene dhata sekunder kan arupa konsep sesambungane novel karo kahanan sing ana ing bebrayan lumantar konsep Abdulisyani. Tata cara sajrone ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi cara nggunakake teknik kapustakan. Kanggo nganalisis dhata, panliten iki nggunakakemetode analisis dheskriptif. Methode analisis deskriptif ditrapake nalika sakabehe dhata saka sakabehe sumber wis dikumpulake.

Tembung wigati: Kriminalitas, Sosiologi Sastra, Kriminalitas ing Bebrayan.

### Purwaka

Sastraa minangka sawijining wujud sarta karya seni kreatif sing objeke ngenani manungsa ing bebrayan sarta gegambarane manungsa nalika ing donya kanthi basa minangka medium (Ratna,2011:20) Kanthi seni kreatif kang migunakake panguripane lan manungsa, mula saka iku sastra ora amung minangka medhia nyalurake teori lan ide. Ananging sastra di golongake kanthi isi lan wujude. Saka bab isi, sastra ,minangka apa sing ana ing sajrone isi karya sastrane, dene bab wujud, sastra ngennai kepriye carane njlentrehkake isi saka karya sastra kasebut. Saliyane iku Sastra uga sawijining reriptan, kreasi, ora mung sawijining imajinasi. Pangripa nyiyapake sawijining donya anyar kag bisa nerusake proses reriptane ing bebrayan iki lan uga bisa nyempurnakake. Pamikiran

iki uga saemper karo pamikiran Welek lan Werren kang ngandharake karya sastra yaiku sawijining kegiatan kreatif tumrap karya seni.

Sosiologi minangka ilmu kang nyinaoni perkara kang dumadi antara manungsa lan lingkungane. Maksude yaiku nalika manungsa nandang perkara, bakal digoleki sebab-sebab tuwuhe prekara mau lan bakal digoleki apa kang bisa digawe kanggo ngrampungake prekara mau. Kayadene kedadeyan kang dumadi ing masyarakat sakupeng kang bisa dadi objek kang trep kango sosiologi. Anane ruwang lingkungan sosiologi kang luwih amba amarga sosiologi bisa ngrengkuh sekabehane prekara kang ana ing masyarakat.

Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA narik kawigaten kanggo ditliti amarga isi sajrone novel nggambarake ngenani kahanan ing bebrayan saiki. Mligine ing bab kriminalitas sing saiki lagi gencar gencare. Mula saka iku novel Kepanggang Wirang iki dipilih kanggo ditliti, amarga novel iki critane padha karo kasunyatan sing kadadeyan ing benrayan saiki. Novel Kepanggang Wirang iki ngandharake ngenani kriminalitas sing saiki tuwuh ana ing bebrayan tuladhane, ing bebrayan saiki akeh wong sing bakal nindakake apa wae, supaya bisa nggayuh apa sing dikarepake. Kabeh iki uga cundhuk karo crita sajrone novel Kepanggang Wirang, sajrone novel dicritakake ngenani wong lanang sing nindakake maneka cara kanggo megat bojone. Saliyane iku ing jaman saiki uga akeh kriminalitas arupa maling, akeh pawongan sing nindakake kriminalitas iku amarga ing jaman saiki akeh wong sing ora mergawe utawa pengangguran, utawa wong sing mergawe ananging upah mergawene kurang kango kabutuhan sabendinane sahingga dheweke nindakake kabeh mau. Kriminalitas iki cundhuk karo crita sajrone novel, nalika pawongan nindakkae kriminalitas arupa maling supaya oleh imbalan saka sing ngongkon. Saliyane iku kriminalitas seksual uga akeh banget tuwuh ing jaman saiki, mligine kriminalitas seksual sajrone balewisma, wong wing nglakoni tumindak sedheng. Kabeh iki cundhuk karo crita sajrone novel yaiku wong wadon sing nglakoni tumindak sedheng karo wong lanang liya.

Struktur sosial ing masyarakat Jawa patriarki nduweni prinsip menehi kalodhangen sing gedhe banget tumrap tumindak degsiya marang wanita. Sistem patriarki kang nyebabake wanita nurut marang garwane (Magnis-Susena sejrone Darni,2015:14). Saliyane iku pawongan nglakoni tumindak degsiya adhedhasar prakara tartemtu (Gurr sajrone Darni,2015:14)

Miturut Bonger (2000:25) kriminalitas yaiku tumindak anti sosial sing sipate nyimpang saka hukum lan undang-undang pidana. Yen miturut sosiologis kriminalitas yaiku kabeh omongan lan tingkah laku ekonomis, politik, lan sosial psikologis sing bisa ngrugekake masyarakat lan bisa uga nglarani wong liyan sing ana sajrone undang-undang pidana.

Saliyane iku ing panliten iki gunakake teori Abdulsyani (2000: 103-106) sajrone *Sosiologi didalam Perubahan Masyarakat*. ing kene Abdulsyani merang kriminalitas dadi papat yaiku kriminalitas fisik, kriminalitas, psikis, kriminalitas, ekonomi, lan kriminalitas seksual. Dene .novel iki ditintingi kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra, mligine sosiologi sastra Wellek Warren. Amarga ngandharake sesambungan antarane karya sastra lan panguripan sosial, kang dadi punjere yaikuapa kang sumirat sajrone karya sastra.

## Metode Panliten

Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki dibedakake dadi loro , yaiku dhata primer lan dhata sekunder . Sumber dhata primer yaiku Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA. sing ditulis nganggo basa Jawa modern. Novel iki diterbitakeulan Maret 2017. Ing novel iki akeh kang ngandhut perkara-perkara sosial sing ana sajrone bebrayan, panliten sing arep ditindakake yaiku ngenani kriminalitas sajrone bale wisma. Dene sumber dhata sekunder yaiku arupa buku, artikel-artikel, internet, uga liya liyane.

Dhata sing digunakake sajrone panliten iki uga diperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku arupa ukara, tembung, paragrap, dialog antarane paraga lan liya-liyane. Sepisan, sesambungan karo paraga lan pamaragan kang nyengkuyung crita panguripane bale wisma sajrone novel Kepanggang Wirang. Saliyane dhata iku, uga ana dhata kang arupa artikel-artikel uga internet. Bab iki kaajab bisa meruhi sesambungan tumindak kriminalitas ing novel *Kepanggang Wirang* karo kanyatan ing bebrayan. Banjur uga nggunakake dhata sekunder kan arupa konsep sesambungane novel karo kahanan sing ana ing bebrayan lumantar konsep Abdulsyani.

Tata cara ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi nggunakake teknik kapustakan. Teknik kapustakan yaiku teknik panglimpuing dhata kang nggunakake sumber dhata kang ditulis (kapustakaan) lan cara ngumpulake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka kanthi nggunakake sistem sandhi utawa tandha.

Kanggo nganalisis dhata, panliten iki nggunakakemetode analisis dheskriptif. Methode analisis deskriptif dienggo nalika sakabehe dhata saka sakabehe sumber wis dikumpulake. Surachmad (2000:139) analisis deskriptif yaiku analisis kang digunakake kanggo nafsirake lan nggambarake dhata kang ana kanthi cocok karo perkara-perkara kang diaturake. Metodhe analisis deskriptif mujudake gabungan saka metodhe analisis lan metodhe deskriptif.

## Andharan

Novel *Kepanggang Wirang* anggitane Tiwiek SA. kalebu novel basa jawa sing isih anyar, amarga kapacak ing taun 2017. Ing donyane sastra Jawa modern, Tiwiek SA minangka salah sawijining pangripta kang aktif lan kondhang ing jagading kasusastran Jawa. Panjenengane lair ing tlatah Tulungagung, 8 Juni 1948. Tiwiek SA minangka jeneng singlon, jeneng asline yaiku Suwignya Adi. Karya sastra sing wis diasilake awujud crita cerkak, crita sambung, crita rakyat, lan crita bocah sumebar ing majalah basa Jawa. Tiwiek SA uga asring ngarang nganggo basa Indonesia, umume arupa novel anak-anak lan wis diterbitake dadi buku. Panliten iki nggunakake salah sawijining novel anggitane Tiwiek SA kanthi irah-irahan *Kepanggang Wirang*.

## **Wujud Kriminalitas sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA .**

Miturut Abdulsyani wujud kriminalitas diperang dadi 4 yaiku. Kriminalitas fisik, kriminalitas psikis, kriminalitas Ekonomi, kriminalitas Seksual. Ing kene uga bakal diandharake wujud kriminalitas sing cacahe 4 iku. Kabh bakal dijlentrehkake ing kene.

Sajrone novel anggitane Tiwiek SA. iki ngandhut tumindak kriminalitas kang awujud mental kang dirasakake dening paraga Wirastri. Dheweke dicidrani dening garwane kanthi nggunakake tembung-tembung kang ora pantes diucapake marang garwane nalika dheweke konangan nglakoni tumindak sedheng karo wong liya.

“hah?! Dadi ka ya ngene pethokalanmu? Wah, wah... jebul yen ditinggal wong lanang ngantor, ning ngomah genti nglebokake bajul! Ora ngira tanan aku! Rastri! Apa karepmu heh? Hmm... njebul aku mung trima kok bandhing- bandhingke karo sibedhes iki? Bangsattt...!”(Tiwiek 2017:36)

Pethikan ing dhuwur nuduhake tembung sibedhes iku tembung kanga ala lan bisa kalebu kriminalitas kang awujud mental. Joni Kismanto kaget bareng weruh tumindake Wirastri nyimpang saka paugeran. Wirastri selingkuh karo pawongan kang ora dimangerten i saka ngendi asale. Sejatine Wirastri uga ora mangerten i saka ngendi pawongan iku mlebu ing omahe, saliyyane iku. Dheweke uga bingung kenapa kok bisa tumindak sing kaya mengkana karo pawongan sing ora dikenal iku. Ananging kadadeyan kasebut sejahtine wus dimangerten i dening Joni Kismanto. Dheweke tega gawe kabeh mau amarga Joni kepengin bali karo mantan pacare yaiku Suminingrum. Dheweke golek cara kepriye carane supaya bisa pegatan karo Wirastri. Banjur dheweke duweni cara menehi obat tartemtu supaya birahine Wirastri bisa muncak banjur wirastri bisa dipulasara.

“Diancuk! Ra ngira jebul kowe ki lintah!” Joni karo mbukak laci nyebar dhuwit limang gebog. Dhuwit kasebut diuncalake ning ngarepe Pradopo (Tiwiek,2017:78)

Saka cuplikan ing dhuwur nuduhake yen ukara lintah minangka tumindak kriminal sing arupa mental, amarga manungsa dipadhakake karo kewan. Joni Kismanto ngamuk marang Pradopo amarga pradopo meres dheweke lan jaluk dhuwek saka rencanane Joni sing gawe wiring Wirastri. Karo mbukak laci, joni Kismanto njupuk dhuwek lan nguncalke ing ngarepe

Pradopo. Pradopo uga age-age njupuk dhuwek iku. Joni wis ora bisa kepriye-kepriye, amarga yen dheweke salah marang Pradopo kabeh rahasiane bakal dibongkar dening Pradopo lan bisa-bisa dheweke mlebu penjara.

“Mas Joni kuwi wong apik, bangsat! Pra mungkin ndhalangi dhapurmuk kanggo mrewasa aku. Cetha yen gunemanmu ngawur! Kowe pancer niyat kulawargaku!” guneme WIrastri santak (Tiwiek, 2017: 45)

Saka cuplikan ing dhuwur gambarake tumindak degsiya kang arupa metal amarga dideleng saka tembung bangsat. Saka pethikan ing dhuwur nuduhake yen Wirastri ora percaya Yen Joni wis duwe garwa anyar sing dadi mantane biyen lan saiki wis warandha. Wirastri nyadhari yen nalika dheweke omah-omah karo Joni mbiyen ora ana rasa tresna. Wirastri langsung dilamar marang Joni, sanadyan dheweke wis ngerti yen satemene Joni wis duweni calon sing mapan ana ing Solo. Nanging Joni ndadekake Wirastri garwane amarga Joni ngerti yen Suminingrum wis dadi bojone wong liya mula, Joni arep ndadekake Wirastri dadi garwane. Joni nglamar Wirastri ora amarga duweni rasa tresna, ananging supaya dheweke bisa lali marang Suminingrum. Wirastri amung dadi pelariane. Ananging Wirastri ora bisa nolak panglamare Joni. Sahingga wong loro iku bebojoan lan sawise iku tuwuhan rasa tresna. Wirastri mangerten i apa sing diomongake Pradopo iku mau jujur, amarga Pradopo sumaur kanthi rasa wedi.

Bareng dicritani kabeh mau karo Pradopo, dheweke kaget yen Joni Kismanto wis duwe bojo sawise pegatan karo dheweke. Pradopo cerita yen bojone saiki iku Suminingrum yaiku mantan pacare biyen, lan saiki Suminingrum wis dadi randha. Saliyane iku Suminingrum karo anak-anake saiki manggon ana omahe Joni sing welasan tahun dipanggoni karo Wirastri. Krungu carita kabeh mau, Wirastri tansaya mangkel, amarga Joni Kismanto wis duwe bojo anyar sing mbiyen bekas pacare.

Kriminalitas seksual yaiku kriminalitas sing ditindakake kanthi nglakoni tumindak sing nglanggar hukum tuladhané pemerkosaan, tumindak sedheng, pelecehan seksual, lan sapanunggale. Ing crita iki diiwiti kanthi kriminalitas sing arupa seksual, yaiku wong wadon sing nglakoni tumindak sedheng amarga ora bisa nahana birahine. Kahanan iki digambarake dening Wirastri sing nglakoni tumindak sedheng karo Pradopo pawingan sing babar pisan ora dimangerten i saka ngendi. Kabeh bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki.

“ Aku dhewe ora ngerti Mbok. Embuh, esuk mau ujug-ujug birahiku mungkat. Kaya ora sebaene kae. Nganti aku ora kuwat nahan. Aku njur mlebu kamar ambruk neng kasur, kesadharanku ilang. Embuh priye patrapku nalika semana, aku ora preduli. Butuhku rasa mungkate birahi kuwi oleh penyaluran. Lan dumadakan tanpa daknyana-nyana pepenginan edan kuwi keturutan. Wektu kuwi aku ora preduli sapa pawongan sing tumindak. Ngerti-ngerti bareng Mas Joni Kismanto wis mlebu kamar lan ngajar pawongan sing jebul Pradopo!” wijang katrangane Wirastri ( Tiwiek, 2017: 34)

Pethikan ing ndhuwur nuduhkake yen Wirastri tumindak kriminalitas arupa tumindak sedheng karo wong lanang liya jalaran dheweke ora bisa nahan birahine sing ora wajar iku. Dheweke langsung mlebu kamar ambruk neng kasur, kesadharane ilang. Embuh priye patrape nalika semana butuhe mung rasa mungkate birahi kuwi oleh penyaluran. Lan dumadakan tanpa dinyana-nyana pepenginan edan kuwi keturutan. Wektu kuwi dheweke ora preduli sapa pawongan sing tumindak. Ngerti-ngerti bareng Joni Kismanto wis mlebu kamar lan ngajar pawongan sing jebul Pradopo. Banjur Wirastri nglakoni tumindak sedheng karo Pradopo. Padahal Wirastri iku wong wadon sing paling bekti marang bojone, ora mungkin dheweke nduwени tumindak ala kaya mengkono yen ora ana sing njalari. Sejatine Wirastri uga ora mangerten iaka ngendi pawongan iku mlebu ing omahe, saliyyane iku. Dheweke uga bingung kenapa kok bisa tumindak sing kaya mengkana karo pawongan sing ora dikenal iku. Ananging kadadeyan kasebut sejahtine wus dimangerten dening Joni Kismanto. Dheweke tega gawe kabeh mau amarga Joni kepengin bali karo mantan pacare yaiku Suminingrum. Dheweke golek cara kepriye carane supaya bisa pegatan karo Wirastri. Banjur dheweke duweni cara menehi obat tartemu supaya birahine Wirastri bisa muncak banjur wirastri bisa dipulasara.

Wirastri, lagi pules kebuntel ing impen endah. Pules tenan kae sawise katut ombak kang mawalikan. Dheweke ora krungu ana mobil mlebu pekarangan. Dheweke ora ngerti ujug-ujug Joni

Kismanto wis ning njero kamar (Tiwiek, 2017:35)

Saka pethikan ing ndhuwur diandharake yen Wirastri nglakoni kabeh mau kanthi ora sadar. Nalika dheweke lagi pules kebuntel ing impen endah. Dheweke ora krungu yen ana mobil bojone mlebu pekarangan. Dheweke ora ngerti ujug-ujug Joni Kismanto wis ning njero kamar. Ngerti lan sadhar bareng krasa lara jalanan rambute diukel lan disendhal. Bareng kesadharane wis pulih tenan, sarta ngerti kahanane kang mbligung tanpa awer-awer sakala banjur njerit. Sansaya banter jeritane bareng ning ranjang sing mentas dituroni katon priya liya uga mbligung, pawongan lanang iku ora liya yaiku Pradopo.

Kriminalitas kekerasan yaiku kriminalitas sing ditindakake nganti ndadekake cilakane lan nglarani atine wong liya. Ing Novel Kepanggang Wirang iki akeh tumindak kekerasan sing ditindakake dening para paragane. Salah sijine yaiku kekerasan sing ditindakake dening Wirastri amarga kepengin males wirange. Wirastri arep males wiring marang Pradopo. Amarga olehe bebrayan karo Joni Kismanto wis puluhan taun. Nganti ngasilake anak loro sing wis ngancik remaja. Mara-mara Pradopo mbarung sinang. Nylonong nalika ngomah pas sepi. Njarah kawanitane kalane dheweke pinuju mungkat birahine. Saengga kanthi ora sadhar manut wae karo panjaluke Pradopo dudha sing pengangguran iku. Nalika wis ana ing omahe Pradopo, Wirastri nindakake kekerasan iku marang Pradopo.

“Aja polah tingkah neka-neka yang kepengin slamet!” pangancame Wirastri karo ngagarake peso glathi cedhak gulune si wadon. Kontan wong wadon kuwi ngoplok. Raine pucet mayit! (Tiwiek, 2017:95)

Saka pethikan ing ndhuwur diandharake yen Wirastri tumindak kekerasan marang abdine Pradopo kanthi ngagarake peso glathi ing cedhak gulu abdi iku. Kabeh iku kalebu kekerasan amarga dheweke arep nyilakani wong liya. Ora mung iku sing ditindhakake Wirastri marang abdine Pradopo, nanging dheweke uga nindhakake kekerasan liyane. Kekerasan liyane iku bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki.

Dirasa cukup anggone narap abdi wadon kuwi, wirastri enggal nindakake pokal candhake. Abdine Pradopo kuwi dithothok dalan getihe. Sakala banjur nglimpruk ora eling. Ora katalompen si abdi dipondhong digawa mlebu kamar sing dumunung ing pawon kono (Tiwiek, 2017:96)

Pethikan ing ndhuwur iku nuduhkake kekerasane Wirastri marang abdi Pradopo saliyane ngagarake peso glathi. Abdine Pradopo kuwi dithothok dalam getihe. Sakala banjur nglimpruk ora eling. Ora katalompen si abdi dipondhong digawa mlebu kamar sing dumunung ing pawon. Kriminalitas sing ditindakake Wirastri yaiku dheweke nggawe wong liya nganti ora nduwe daya apa-apa sawise dithothok dalam getihe. Sawise iku dheweke banjur siap siap tumuju ing kamare Pradopo, ing kana dheweke mung ngsnggo BH lan kathok njero, kabeh iku ditindakake amarga dheweke arep mincing Pradopo. Nalika Pradopo mulih lan tumuju ing kamare, dheweke kaget nalika ngerti Wirastri wis ana ing kana. Nalika Pradopo arep muasake birahine,

” Pradopo ngulu idu. Semu oval arep blaka. Ning ora ana dalan liya. Yen dheweke ora blaka ora mokal Wirastri sing kesetanan kuwi sida ngedhel-edhel gulune. Mangka Pradapo isih kepingin urip. Wusana, “Mas Joni Kismanto dhewe Mbak sing ndhalangi....”(Tiwiek, 2017:101)

Cuplikan iku nuduhake yen Pradopo keweden jaluk seputra ning Wirastri. Pradopo ngomong yen tumindake karo Wirastri ana sing ndhalangi. Pradopo ngaku yen sing dhalangi kuwi Joni Kismanto sing mantan sisihane Wirastri biyen, yen ora ngaku blaka yen sing dhalangi iku Joni posisisne Pradopo kuwi wis terancam lan Pradopo kuwi isih pingin urip ketimbang mati. Pradopo crita marang Wirastri yen Joni sing dhalangi kedadeyan iku, amarga Joni kepengin krama karo pacare biyen sing saiki warandha asmane kuwi Suminingrum asli Sala. Sarehne wis kadhung kagungan garwa panjenengan, mula banjur Mas Joni Kismanto gawe rekayasa kaya ngunu. Pradopo gelem tumindak kaya ngunu amarga Pradopo entuk opah marang Joni Kismanto.

Sawise ngerti kedadeyan sing satemene banjur Wirastri uga nindakake kekerasan marang Joni Kismanto tilas bojone lan marang Suminingrum bojone Joni sing saiki. Ananging nalika dheweke nindakake kabeh mau, dheweke nyamar kanthi nganggo klambi ireng, kudhung ireng, lan cadar ireng supaya ora ana sing mangerten. Kekerasan iku bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki.

Si krudhung ireng sajak tanggap. Tampa menehi kalodhanan marang Joni kanggo muter akal licike, ujug-ujug wis melumpat njerang. Tandange ringkas banget. Sajak kepenak wae ngelumpati

meja ing ngarepe ising sabanjure gejoh ake tungkake sing mawa sepatu kaets iku pener dhadhane Joni sing kena gejoh kebanting guri, natap tembok ruangan. Sakala sirahe klemun-klemun (Tiwiek, 2017:02)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen si krudhung ireng tanpa kalodhangan marang Joni kanggi muter akal licike , ujug-ujug wis melumpat njerang. Tandange ringkas banget. Sajak kepenak wae ngelumpati meja ing ngarepe ising sabanjure gejohake tungkake sing mawa sepatu kaets iku pener dhadhane Joni sing kena gejoh kebanting guri, natap tembok ruangan. Sakala sirahe klemun-klemun. Kekerasan sing ditindakake dening Wirastri yaiku nyebabake Joni Kismanto klemun-klemun sirahe. Saliyane iku Wirastri uga nindakake kekerasan sing luwih rosa marang Joni.

Wirastri males wiring marang Joni Kismanto kanthi ora menehi kalodhangan. Rambute Joni dibanting mengarep ditampani karo dhengkule Wirastri sing lancip. Getih waras kemucur saka irunge Joni, ananging Wirastri durung atine yen durung gawe musuhe iku ilang kejantanane. Joni sing tanpa daya di titir dening Wirastri anteman maut nganti Joni lempelемpe ambruk ing ngisor jobin. Lemeh-lemele ora kuat tangi, ananging Wirastri isih durung marem atine sahingga dheweke gawe Joni nganti ora bisa tangi maneh. Wirastri nggejokake tungkake keprenah lakange Joni sanalika Joni jerit banter. Wirastri mesem ngerti kahanane Joni sing kaya mengkono.

Cilakane si krudhung ireng ora menehi kaladhangen. Ceg, rambute Joni dicandhak. Nuli dibateg mengarep ditampani dhengkul lancip.dhes...! Getih waraas kumuncur saka irung. Whela, jebul during marem. Joni sing wis tampa daya kuwi isih dititir anteman maut. Nganti lempelемpe. Nganti thele-thele. Lan nalika diculake, langsung ambruk ing jobin (Tiwiek, 2017:02)

Saka pethikan ing ndhuwur nuduhkake kekerasane Wirastri marang Joni ora ngerti ampun. Joni dicandhak, nuli dibateng mengarep ditampani dhengkul lancip nganti getih waraas kumuncur saka irung. Whela, jebul during marem. Joni sing wis tampa daya kuwi isih dititir anteman maut. Nganti lempelемpe. Nganti thele-thele. Lan nalika diculake, langsung ambruk ing jobin. Sawise iku Wirastri langsung tumuju ing omahe Joni Kiswanto amarga arep males wirange marang Suminingrum.

Ceg, rambute Joni dicandhak Nuli dibateg mengarep ditampani dhengkul lancip. Dhes....! Getih waras kumlucur saka irung. Whela, jebul durung marem. Joni sing wis tanpa daya kuwi isih dititir anteman maut, nganti thele-thele lan nalika diculake, langsung ambruk ning jobin. Lemeh-lekeh ora kuat nggawan (Tiwiek, 2017:2)

Cuplikan ing dhuwur kalebu tumindak kriminal sing awujud kekerasan, amarga Wirastri nindakake tumindak kanga la ngantri Joni Kismanto dibateg mengarep ditampani dhengkul lancip nganti getih waras kumlucur saka irung ananging Wirastri isih durung marem Joni sing wis tanpa daya kuwi isih dititir anteman maut, nganti thele-thele lan nalika diculake, langsung ambruk ning jobin. Lemeh-lekeh ora kuat nggawan.

Saliyane nindakake kriminalitas marang Pradopo lan Joni, Wirastri uga nindakake kriminalitas marang Suminingrum. Amarga jalaran Suminingrum Joni nindakake kabeh mau supaya bisa bebojoan karo tilas pacare mbiyen iku. Kekerasan Wirastri marang Suminingrum bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iku.

“ Ceg, wanita krudung ireng nyandhak lambene wadon semog sisih ngisor. Njur diuntir sarosane karo dibethot ngeget. Lambe tipis iku sakala dawir. Getih abang ndrobos mili. Bubar kuwi dijongkrokake. Si wadon pawakan semog kuwi tiba kabanting natap tangan sofa. Banjur golung-koming sesambat ngaruara (Tiwiek, 2017:6)

Pethikan ing ndhuwur nuduhkake kriminalitas sing awujud kekerasan si krudhung ireng marang Suminingrum, dheweke nyandhak lambene Suminingrum wanita semog sing sisih ngisor. Njur diuntir sarosane karo dibethot ngeget. Lambe tipis iku sakala dawir. Getih abang ndrobos mili. Bubar kuwi dijongkrokake. Si wadon pawakan semog kuwi tiba kabanting natap tangan sofa. Banjur golung-koming sesambat ngaruara. Sawise iku Wirastri metu saka omahe tilas bojone iku. Nalika mlebu ana ing omah, Mbok Tarminah abdine kaget nalika ngerti kahanan bendharane kaya mengkono.

Wirastri males wirange marang keluargane Joni Kismanto, sawise males wiring marang Jini dheweke males wiring marang Suminingrum yaiku bojone Joni sing anyar. Wirastri males wiring, dheweke gawe lambene Suminingrum dhawer dibethot lan diuntir ngantri ngeget. Nganti lambene Suminingrum

sing tipis saiki dadi dawer. Ayune Suminingrum digawe kalong karo Wirastri, amarga gara-gara dheweke bebojoane karo Joni rusak ngantri dheweke dipepat. Atine Wirastri ayem banget amarga wis males wirange marang Pradopo, Joni lan Suminingrum. Sawise Wirastri gawe lambene Suminingrum dhawer dheweke isih durung ayem atine, Suminingrum dijongkrokake ngantri tiba kebanting natab tengahe sofa, banjur gulung komeng ngantri Suminingrum jerit amarga kelaranen. Ananging jerite ora keprungu sapa-sapa, amarga omahe serada adoh saka omah pendhudhuk. Wirastri seneng banget masi Suminingrum, amarga ayune Suminingrum ilang amarga lambene dhawir. Wirastri ora duwe welas babar pisan marang wong wadon iku.

Ananging sejatine Suminingrum iku ora ana sangkut paute karo sing rekeyasa kedadeyan sing dialami dening Wirastri wektu kapungkur. Ananging Wirastri tetep lara atine, amaraga jalaran kepengin rabi Suminingrum, Joni ngantri nglakoni rekeyasa iku supaya bisa pegatan karo dheweke.

“Aiii. . !!” Mbok Tarminah njerit banter. Awit meruhi lambene bendarane kiwir-kiwir meh pedhot. Getih seger isih terus ndrodos saka tatune. Mbok Tarminah klantang klanting karo bengak bengok (Tiwiek, 2017:09)

Pethikan ing nduwur ngandharake yen Mbok Tarminah kagety nalika ngarti lambene bendharane kiwir-kiwir meh pedhot amarga tumindake si krudhung ireng mau. Sanalika Mbok Tarminah klantang klantang karo bengak bengok. Sawise iku Mbok Tarminah oleh telpun saka kantor, ngabari yen Joni Kismanto dirawat ana ing rumah sakit. Banjur dheweke age- age nyandhak telpun kanggo nelpun pulisi, amarga kedadeyan kabeh iku ora wajar. Kabeh iku bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki.

Kriminalitas arupa maling, maling kalebu salah sawijining tuladha saka kadurjanaan ekonomi. Kedadeyan iki bisa kalaksanan amarga kahanan ekonomi, iklim sing gawe manungsa kurang bisa nyukupi kebutuhan sandhang, pangan, lan papane sahingga dheweke nekad njupuk barange wong liya tanpa mikir akibate. Sajrone Novel Kepanggang Wirang iki ana tuladha wujude kriminalitas sing arupa maling.

Nalika urusan pegatan lan harta gono-ginine karo Joni Kismanto rampung Wirastri langsung lunga menyang Malang, ning omahe kancane sing manggon ing MERGOSONO Gang III No. 17, nanging nalika wis tekan kana dumadakan kancane mau wis pindhah omah. Banjur dheweke bali menyang terminal Gandhang, ing terminanal iku dheweke arep kelangan

barange. Kabeh iku bakal diandharake kanthi pethikan ing ngisor iki.

Si priya ngangseg lungguhe.  
Plingukan sedhela. Nuli  
ngetokake silet tanpa diweruhi  
wong liya. Njur sring... weruh-  
weruh tas cangklong neng  
pangkone Wirastri wis pedhot  
cangklongane. Sebanjure kanthi  
cukat si priya nglolos tas kasebut  
nuli digawa amblas. Wirastri  
kaget. Nembe sadhar yen tas  
cangklong ing pangkone wis ora  
ana (Tiwiek 2017:97)

Saka pethikan ing ndhuwur diandharake yen ana wong lanang sing ngangseg lungguhe, plingukan sedhela. Nuli ngetokake silet tanpa diweruhi wong liya. Banjur weruh-weruh tas cangklong neng pangkone Wirastri wis pedhot cangklongane. Sebanjure kanthi cukat wong lanang mau nglolos tas kasebut nuli digawa amblas. Wirastri kaget. Lagi sadhar yen tas cangklong ing pangkone wis ora ana. Sanalika dheweke langsung mbengok njaluk tulung, nanging ora ana wong sing mredulikake. Nanging nalika Wirastri kentekan pangarep-arep, ana sawijining priya setengah tuwa sing oncat, langsung mbujung maling mau. Tandhange cukat trengginas. Nganthi maling iku ampun lan barange Wirastri mbalik.

#### **Sesambungane Tumindak Kriminal ing Novel karo Kahanan Tumindak Kriminal ing Bebrayan.**

Tumindak kriminal mujudake salah sawijining gejala social kang asring ditemoni ing bebrayan iki. Sajrone panguridan bebrayan ana paugeran-paugeran sing ditemtokake kanthi cara lisan, tumindak lan tulisan. Aturan kasebut ana amarga kango imbedakake antarane hak lan kewajiban, sahingga sajronebebrayan kadhang kala ana tumindak nyimpang saka paugeran-paugeran ing wis ditemtokake. Individu utawa kelompok nalika gagal nalika anggone ngupayakake kapentingan lan nuwuhaake akibat sing ora beciktumrap bebrayan. Bisa diarani menawa tumiondak kasebut minangka salah sawijining kriminalitas. Mula saka iku pelaku kudu duweni sanksi utawa ukuman sing wis lumaku.

Gegambaran tumindak kriminalitas sing arupa mental sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA digambarake saka tumindak Jonin Kismanto marang bojone yaiku Wirastri. Wirastri ngrasakake kriminalitas sing arupa mental amarga Joni Kismanto kepengin nikah karo Suminingrum yaiku tilas pacare nalika isih Joko. Sahingga dheweke nglakoni tumindak kriminalitas mental iku marang bojone.

Tumindak kriminalitas sing awujud Mental uga ana ing panguridan nyata. Kabeh iku bisa dideleng saka data ing ngisor iki.

**Surabaya** – Dini Istanti salah sawijining wanita sing ngrasakake tumindak kriminalitas sajrone bebojoan. Ananging dheweke ora meneng wae, Dini tetep nindakake penggaweyan kaya sabendinane, amarga dheweke ileng yen duwe anak sing kudu oleh kasih sayang saka dheweke.

Nalika nyeritakake kedadeyan mau marang Walipop, sadurunge Wildan (bojone) tumindak kaya biasane yaiku sayang banget marang dheweke. Nganthi taun kaping 9 bebrayane karo Dini. Sawise iku Dini asring oleh tumindak kasar saka bojone. Dheweke uga ora mangerteni apa sing jalari bojone tumindak kaya mengkana mau. Dheweke asring oleh kekerasan sing arupa fisik ura mental saka Wildan. Kabeh iku ditindakake karana alesan Dini tau diweruhi metu karo pawongan lanang sing ora dimangerteni dening bojone.

”Aku ngrasakake kekerasan arupa fisik uga mental saka Wildan. Kabeh iku dak alami ing ngarepe anak-anaku sing isik urung cukup umur. Anak nomor sijiku isih SD lan sing nomor loro isih umur setahun” Guneme Dini nalika omong karo Walipop Rabu (18/9/2019) (Wolipop, detik.com)

Saka pethikan ing dhuwur nuduhake anane tumindak kriminalitas sing arupa mental. Tumindak kriminalitas ing pethikan kasebut ditindakake dening Wildan yaiku bojone Dini Surya Istanti. Dini Surya istanti ngrasakake kekerasan sing arupa mental lan fisik saka bojone. Dheweke jlentrehkake yen sadurunge Wildan ora tau nduwensi tumindak kaya mengkana marang dheweke, ananging nalika wus ngancik bebojoan telung tahun tumindakowah saka biasane. Kabeh iku ditindakake amarga dheweke ngerti yen bojone tau metu karo wong lanang liya.

Kahanan kriminalitas sing arupa mental iki mau cundhuk karo pethikan kang ana ing novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA. Tumindak iku meh padha karo sing ana ing novel, ananging sing imbedakna yen ing Novel Joni Kismanto nindakake kriminalitas sing arupa mental amarga dheweke kepengin bebojoan karo wong wadon liya yaiku

Suminingrum tilas pacare mbiyen, pramila iku dheweke nglarani Wirastri, bojone lumantar tumindak omongan sing kasar.

Gegambaran tumindak kriminalitas sing arupa seksual sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA digambarake saka tumindake Wirastri lan Pradopo ing nglakoni tumindak ala nalika Joni Kismanto Bojone Wirastri ora ana ing omah. Wong loro iku nindakake tumindak bebojoan. Wirastri wis gawe Joni Mangkel ditinggal wong lanang ngantor, neng ngomah genti Wirastri ngkebokake wong lanang liya. Joni Kismanto ora ngira yen Wirastri kaya ngono. Sauntara Joni udreg karo Wirastri, priya sing wis kasil ngisep madune Wirastri kuwi awet anggome nganggi sandhangane. Rekane mono arep golek lenane Joni Kismanto kanggo lolos.

Tumindak kriminal sing awujud seksual uga ana ing panguripan nyata. Kabeh iku bisa dideleng saka data ing ngisor iki.

Malang – (Jum'at, 20 Desember 2019)

DH (42 th) nekadngrudapeksa ibu rumah tangga YA sing umure isih (30 th) saliyane iku dheweke uga nyekap YA. Nalika iku DH teka ing omahe YA antarane tabuh 11.00 WIB. Nalika DH nglakoni tumindake sing ala iku, nalika YA isih turu ana ing jero kamar, ing omah iku kahanane sepi, amarga bojone YA isih ana ing kantor. Wiwitane DH ora kepengin ngrudapeksa YA, ananging nalika dheweke mangerten YA lagi turu ana ing jero kamar birahine langsung muncak. Sawise njupuk barang sing an ing omahe YA, dheweke langsung mlebu ing kamare YA. Nalika YA arep mbengok lan jaluk pitulungan DH malah ngancem yen dheweke wani mbengok bakal dipateni sanalika.

(Dio, Metronews.com)

Saka pethikan ing dhuwur ibu rumahtangga sing inisial YA dirudapeksa dening DH. DH nekad mlebu ana ing omahe YA nalika jam 11 esuk lan nalika omahe sepi wis ora ana wong. Dheweke duweni niatan kepengin njupuk barang lan perhiasan sing ana ing omahe YA Nalika YA ana ing kamar lan isih turu DH mlebu ana ing kamare YA, ananging YA mangerten kabeh mau sawetara iku uga DH ngancem yen bakal mateni YA, yen DA wani mbengok, DH uga wis gawa peso kanggo meden-medeni YA. DH nyekap YA ing kamar banjur dheweke ngeruda peksa DA ing kamar iku mau.

Kahanan kriminalitas sing arupa seksual saka dhata ing dhuwur cundhuk karo kahanan sing ana sajrone Novel Kepanggang Wirang, ananging uga ana pambedane, yaiku yen ing Novel Kepanggang Wirang Pradopo sing ngrudapeksa Wirastri wis sekongkol karo bojone Wirastri yaiku Joni Kismanto. Joni sekongkol karo Pradopo supaya ngrudapeksa bojone dhewe amarga dheweke kepengin bebojoan karo Suminingrum tilas pacare mbiyen, lan kabeh mau direncanakake supaya dheweke duwe alasan megal Wirastri.

Gegambaran tumindak kriminalitas sing arupa kekerasan sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA digambarake saka tumindake Wirastri sing arep males wirange marang Pradopo, Joni Kismanto lan Suminingrum. Dheweke nindakake kekerasan sing arup fisik

Tumindak kriminal sing awujud kekerasan uga ana ing panguripan nyata. Kabeh iku bisa dideleng saka data ing ngisor iki.

**Purworejo** – Ashari (45) ing Purworejo, Jawa Tengah tega nglakoni tumindak kasar marang bojone, Tiana (43) ngantri lumpuh ora bisa apa-apa. Kabeh iku ditindakake amarga dheweke ngrasa yen bojone duweni simpenan priya liya. Sawise dheweke mangerten bojone metu karo pawongan iku.

Kedadeyan iki ditindakake dening Ashari marang bojone amarga salah faham. Bojone didakwa selingkuh karo priya liya, sahingga dheweke murka lan gepuki bojone karo kayu. Tiana digepuk kayu ngantri ora bisa apa apa. Ngendikane Kasat Reskrim Polres Purworejo, AKP Haryo Seto Liestyawan, Jumat (29/11/2019).

Saka pethikan ing dhuwur nuduhake yen urip bebojoan iki uga ana kriminalitas sing arupa kekerasan kabeh iku cundhuk karo apa sing di alami dening Tiana sing umure wis ngancik 43 tahun, dheweke di aninya dening Ashari yaiku bojone dhewe. Ashari nindakake kabeh mau amarga dheweke salah faham marang bojone. nalika dheweke ngerti bojone metu karo wong lannag liya. Ashari nggepuk bojone karo kayu ngantri bojone lumpuh ora bisa mlaku.

Kahanan kriminalitas sing arupa kekerasan iki mau cundhuk karo Novel Kepanggang Wirang. Ananging ing kene ana pambedane, yaiku sajrone novel Joni Kismanto bojone Wirastri sing nindakake kekerasan ora amarga cemburu utawa salah faham. Ananging dheweke nindakake kabeh mau supaya dheweke bisa megal bojone.

Gegambaran tumindak kriminalitas sing arupa malimg sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA digambarake nalika Wirastri ana ing Nalika urusan pegatan lan harta gono-ginine karo Joni Kismanto rampung Wirastri langsung lunga menyang Malang, ning omahe kancane sing manggon ing MERGOSONO Gang III No. 17 nanging nalika ana ing terminal taslan do,pet sing digawa kemalingan.

Tumindak kriminal sing awujud maling uga ana ing panguripan nyata. Kabeh iku bisa dideleng saka data ing ngisor iki.

**“Solo –** Wis telung tahun kapungkur Terminal Tirtonadi, Solo nindakake trobosan kanggo nanggulangi tumindak pencopetan. Pihak terminal nggawe pos khusus kanggo copet sing wis dicekel dening warga sadurunge diserahna ing pulisi. Copet sing wis dicekel diukum ngadeg sasuwene 5 jam, ananging ing tenda kasebut tetep diwenehi kursi kanggo petugase.

Nalika Terminal rame banget amarga wis wayahe liburan ana wong wadon sing kecopetan nalika ing Terminal Tirtonadi. Wong wadon sing umure 42 tahun iku arep mudhik ing desane Lamongan. Sanalika pencopet langsung dicekel dening warga lan diarahke an aing pos khusus supaya ngadeg ing kana sawetara genteni pulisi teka Minggu 22/9/2019 ( Suwignyo, poskotanews.com)

Saka cuplikan ing dhuwur nuduhake yen ing bebrayan iki uga ana kriminalitas sing arupa maling, cundhuk karo kahanan sing ana ing Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA. Ing dhuwur diandharake yen ing terminal solo telung taun kepungkur iki asring ana maling utawa copet. Wong sing nyopet iku diwenahi ukuman ngadeg limang jam supaya maling iku ora baleni tumindake sing ana. Kabeh iki cundhuk karo Novel Kepanggang Wirang, ing novel diandharake yen Wirastri uga kecopetan nalika ana ing terminal.

## Panutup

Ing babagan sadurunge wis diandharake perangan ngenani isi saka novel *Kepanggang Wirang* lan perkara kang ditliti. Saka asile andharan kang gegayutan karo perkara bale wisma kang njalari

kriminalitas sajrone Novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA kanthi tintingan sosiologi sastra.

Sajrone panliten iki ngandharake ngenanni kriminalitras sing arupa mental, kekerasan, seksual lan maling. Kabeh iki cundhuk karo sing ana ing bebrayan. Saka asiling panliten kasebut bisa dideleng yen isine novel iku sejatine cundhuk karo kasunyatan sing ana ing bebrayan iki. Amarga sejatine crita sajrone novel ora uwal saka pamikire pangripta nalika masi kahanan sing ana ing sakuplenge utawa sing ana ing sakiwa tengane nalika sesrawungan ana ing masyarakat. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan sijine mesthi nuduhakemaneka warna kedadeyan. Kadhang kala bab kasebut nuduhake kedadeyan sing nyenengake lan bisa wae nuduhake kedadeyan sing ora nyenengake, lan bisa nuwuhake probkem kajiwéan kang dialami dening paragane. Paraga kang nandhang problem sing balakal diandharake ing kena bisa dadi tuladha menawa gegambaran kasebut nate dialami utawa ana ing sakuplenge kita.

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra sing digunakake kango nemokake kriminalitas sajrone novel Kepanggang Wirang anggitane Tiwiek SA. Panliten ngenani kriminalitas isih perlu ditindakake kango ngerteni pangrembakane prekara sosial sajrone reriptan sastra Jawa Modern lan sesambungane karo urip ing bebrayan iki.

Panliten bab kriminalitas sajrone genre sastra mligine sastra Jawa modern isih perlu ditindakake kango ngerteni perkara kang ana ing panguripan bale wisma sing ana sajrone jenis-jenis genre sastra. Kriminalitas sajrone novel bisa ditindakake kango ngerteni alasan-alasan sing ndadekake wong nglakoni tumindak kriminalitas. Asil panliten iki bisa didadekake bahan rajukan sajrone pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi, dene sajrone sekolah, kriminalitas dirasa kurang pas kango didadekake bahan pasinaon. Tumrap pamaos, asile panliten iki kaajab bisa digunakake minangka sarana kango njembarake kawruh ngenani kriminalitas sajrone novel kanthi tintingan sosiologi sastra sarta luwih nggampangake ngeten makna lan isi sajrone novel.

## Kapustakan

- Abdulsyani.2000. *Sosiologi didalam Perubahan Masyarakat*. Jakarta: PT. Bumi Aksara.  
Darni, 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern*. Penerbit Unesa University Pres.  
Depdikbud. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Ratna, Nyoman Kuntha. 2010. *Metodologi Penelitian Kajian Budaya dan Ilmu Sosial Humaniora pada Umumnya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

\_\_\_\_\_. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Suwignyo. 2019. Berita Kriminalitas Maling. Kaakses 20 Oktober 2019, saka web site <https://poskotanews.com/>

Wellek, Rene dan Austin Warren. 2000. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Jaya.

\_\_\_\_\_. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.

Wolipop.20019. Berita Kriminalitas Mental. Kaakses 20 Oktober 2019, saka web site <https://wolipop.detik.com/love/d-4716514/>.

